

Vawchè

Pwogram Vawchè Pou Chwa Lojman

Depatman Lojman
ak Devlopman Iben Lèzetazini
Biwo Lojman Piblik e Endyen

No. Apwobasyon OMB 2577-0169
(exp. 09/30/2010)

Obligasyon Rapò Piblik pou koleksyon enfòmasyon sa a, dapre kalkil ki fèt, ap monte rive an mwayèn 0,05 èdtan pa repons; ladan n gen tan ki nesèsè pou revise enstriksyon yo, fè rechèch sou sous done ki egziste yo, rasanble e konsève done endispansab yo, epi konplete e revize koleksyon enfòmasyon yo.

Se Seksyon 8 Lwa Federal sou Lojman 1937 la (42 U.S. C. 1437f) ki otorize koleksyon enfòmasyon sa a. Enfòmasyon yo ap sèvi pou otorize yon fanmi chache yon lojman apwopriye e li prezise dimansyon lojman an. Enfòmasyon an bay prezizyon tou sou obligasyon fanmi an dapre Pwogram Vawchè pou Chwa Lojman an.

Silvoupilè, li tout dokiman an nèt anvan ou ranpli fòm nan. Ranpli tout pati vid yo. Tape oubyen ekri klèman.	Nimewo Vawchè	
1. Ekri dimansyon lojman an dapre kantite chanm yo. (Se kantite chanm fanmi kalifye pou yo a; sa sèvi pou detèmine ki kantite lajan yo pral peye mèt kay la nan non fanmi an.)	1. Dimansyon lojman an	
2. Dat yo Remèt Vawchè a (mwa/jou/an) Ekri vrè dat yo remèt fanmi an vawchè a.	2. Dat yo Remèt Vawchè a	
3. Dat Vawchè a ap Ekspire (mwa/jou/ane) Ekri dat ki se 60 jou apre dat yo remèt vawchè a (Tcheke seksyon 6 fòm sa a)	3. Dat ekspirasyon (mwa/jou/ane)	
4. Dat Pwolongasyon an Ekspire (si gen pwolongasyon) (mwa/jou/ane) (Tcheke seksyon 6 fòm sa a)	4. Dat Pwolongasyon Ekspire	
5. Non Reprèzantan Fanmi an	6. Siyati Reprèzantan Fanmi an	Dat Siyati a (mwa/jou/ane)
7. Non Ajans Lojman Piblik la (PHA)		
8. Non ak Tit Ajan Ofisyèl PHA	9. Siyati Ajan Ofisyèl PHA	Dat Siyati a (mwa/jou/ane)

1. Pwogram Vawchè pou Chwa Lojman

- Ajans Lojman Piblik la (PHA) detèmine ke fanmi nou site pi devan an (sijè No. 5) elijib pou l patisipe nan Pwogram Vawchè pou Chwa Lojman an. Dapre sa pwogram sa a ofri, fanmi an kapab chwazi yon bon apatman (kay), ki gen sekirite ak bon kondisyon liyèn pou l abite. Si pwopriyetè a decide lwe apatman an ak fanmi an nan kad Pwogram Chwa Vawchè (Tikè Gratis) pou Lojman an, e si PHA apwouve apatman an, PHA pral siyen ak pwopriyetè a yon kontra sou pèman asistans lojman (HAP) pou li peye pwopriyetè a chak mwa pou ede fanmi an ak lwaye a.
- Se PHA a k ap detèmine ki kantite lajan l ap bay pwopriyetè a chak mwa pou pèman asistans lojman an. An jeneral, lajan PHA a peye chak mwa a se diferans ant pèman nòminal aplikab la ak 30 % revni masyèl ajiste fanmi an. Pou PHA a detèmine valè maksimòm premye pèman asistans lojman pou fanmi an, li gen pou itilize prensip pèman ki an sèvis pou jou PHA apwouve lwaye a. Fanmi an kapab decide lwe yon apatman ki pi chè pase pèman pwogram nan ofri a; men chwa sa a pa ka chanje kantite lajan asistans PHA prevwa a. Faktè ki ede detèmine vrè montan pèman asistans PHA a, se pri an gwo lwaye apatman fanmi an chwazi a.

2. Vawchè

- Lè yon fanmi itilize vawchè sa a, PHA a atann ni aske, si fanmi an jwenn yon apatman ki apwopriye, PHA a pral jwenn lajan ki nesèsè pou l siyen yon kontra HAP ak pwopriyetè a. Sepandan, PHA a pa gen okenn obligasyon vizavi fanmi an, vizavi pwopriyetè a, ni pèsonn lòt moun, pou l apwouve yon kontra lwaye. Pa le fèt ke PHA ofri vawchè sa a, sa pa ba li okenn responsablite vizavi

pèseswa.

- Vawchè sa a pa bay fanmi an okenn dwa pou l patisipe nan Pwogram Chwa Vawchè pou Lojman PHA a. Fanmi an tounen yon patisipan nan Pwogram Vawchè pou Chwa Lojman PHA a, sèlman lè kontra HAP ant PHA a ak pwopriyetè a antre an aplikasyon.
- Pandan premye peryòd oubyen nenpòt ki lòt faz pwolonje vawchè sa a, PHA a gen dwa mande pou fanmi an fè rapò sou pwogrè nan efò l ap fè pou li jwenn yon apatman lwe; e li va fè rapò sa yo nan entèval e nan dat PHA a fikse yo.

3. PHA a Apwouve ou Refize yon Apatman oubyen yon Kontra-Lwaye

- Lè fanmi an jwenn yon apatman li renmen e si pwopriyetè a vle patisipe nan pwogram nan, fanmi an gen pou l mete devan PHA a demand pou apwobasyon lwaye a (ki sou aplikasyon PHA bay la), avèk siyati ni pwopriyetè a ni fanmi an, epi yon kopi kontra lwaye a, san bliye dokiman ajoute HUD la e ki pale de fèm-kay la. **Nòt: PHA a fèt pou jwenn tou 2 dokiman yo pa pi ta ke dat ekspirasyon ki enskri nan sijè No. 3 ou 4 nan kòmansman premye paj vawchè sa a.**
- Fanmi an fèt pou prezante dokiman sa yo fason ke PHA a mande l la. Dapre jan PHA opere, li kapab entèdi fanmi an prezante plis ke yon demand a la fwa pou apwobasyon lwaye.
- Kontra lwaye a dwe gen ladan n, mo pou mo, tout dispozisyon ki sou dokiman HUD ajoute pou l pale de fèm-kay la e ke PHA a bay. Pou yon moun fè sa, li annik mete dokiman ajoute HUD la ansanm avèk kontra-lwaye pwopriyetè a itilize a. Si ta genyen yon diferans ant sa ki di nan dokiman ajoute HUD la ak sa ki di nan kontra-

lwaye pwopriyetè a, se dispozisyon ki nan dokiman ajoute HUD la ki pou prime.

- D. Lè PHA a fin resevwa demand pou apwobasyon lwaye a ak yon kopi kontra lwaye a, li va enspekte apatman an. PHA a kapab pa bay apwobasyon li pou fanmi an lwe apatman an (kay la) oubyen siyen kontra HAP a, toutotan PHA a poko detèmine ke fanmi an satisfè tout egzijans pou pwogram nou pral site la yo: apatman an (ou kay la) se yon apatman elijib; PHA deja enspekte apatman an e apatman an satisfè kondisyon ki nesèsè pou moun abite ladan n (HQS); pri lwaye a rezonab; epi pwopriyetè a ak lokatè a siyen kontra lwaye a ak dokiman ajoute HUD egzije a.
- E. Si PHA a apwouve apatman an, PHA gen pou fè fanmi an ak pwopriyetè a konn sa, e li va fè pwopriyetè a jwenn 2 kopi kontra HAP a.
1. Pwopriyetè a ak fanmi a dwe siyen kontra afèmaj la.
 2. Pwopriyetè a dwe siyen tou lè 2 kopi kontra HAP a e li dwe remèt PHA a yon kopi siyen kontra lwaye a ak tou lè 2 kopi kontra HAP ki siyen yo.
 3. PHA a gen pou siyen kontra HAP a epi remèt pwopriyetè a yon kopi siyen.
- F. Si PHA a wè gen yon rezon kèlkonk pou apatman an (kay la) pa jwenn apwobasyon, PHA a va fè pwopriyetè a ak fanmi an konnen:
1. Apatman oubyen kontra-lwaye konsène a, pran refi pou kèk rezon byen detèmine, epi
 2. Si pwoblèm ki lakòz refi a jwenn yon solisyon ki satisfè PHA a nan dat oubyen anvan dat PHA a bay la, apatman an oubyen kontra lwaye a ap apwouve.

4. Obligasyon Fanmi an

- A. Lè apatman fanmi an apwouve epi kontra HAP a siyen, fanmi an dwe swiv règleman ki soulis nou pral bay la a dekwa pou li kapab kontinye patisipe nan Pwogram Vawchè pou Chwa Lojman an.
- B. Fanmi fèt pou:
1. Bay tout enfòmasyon ke PHA oubyen HUD jije nesèsè –pami yo genyen prè v sitwayènte, oubyen kondisyon imigrasyon ki fè yon moun elijib, ak enfòmasyon ki ka sèvi nan yon re-egzamen ki pwograme regilyèman, oubyen yon re-egzamen pwovizwa sou lajan fanmi an fè ak kantite moun ki nan fanmi an.
 2. Prezante e verifye nimewo sekirite sosyal, epi siyen e soumèt fòm ki di fanmi an dakò pou responsab yo chache enfòmasyon sou li.
 3. Bay tout enfòmasyon PHA mande pou l verifye si fanmi an ap viv nan apatman an oubyen enfòmasyon sou absans fanmi an nan apatman an.
 4. Prese mete PHA a okouran pa ekri de nenpòt lè fanmi an p ap nan apatman an pou yon peryòd pwolonje, dapre règleman PHA a.
 5. Pèmèt PHA a enspekte apatman nan moman ki rezonab e aprè yon anons rezonab.
 6. Enfòmè PHA a ak pwopriyetè a pa ekri anvan fanmi an bwote kite apatman an oubyen mete fen nan kontra lwaye a.
 7. Sèvi ak apatman yo ede li lwe a. Fòk apatman an se sèl rezidans fanmi an.
 8. Prese mete PHA a okouran pa ekri de nenpòt nesans, adopsyon, oubyen desizyon tribinal pran pou l bay

fanmi an responsab yon timoun.

9. Mande PHA a yon konsantman ekri pou fanmi an ajoute nenpòt lòt manm kòm yon moun k ap vin abite nan apatman an.
 10. Prese mete PHA a okouran pa ekri si yon manm fanmi an kèlkonk p ap viv nan apatman an ankò.
 11. Bay PHA a yon kopi tout avètisman degèpisaj pwopriyetè a voye bay fanmi an.
 12. Peye tout bòdwo (bill) kouran, dlo, gaz, elatriye, epi mete nan apatman an (e pran swen) tout aparèy menaje ke pwopriyetè a pa oblije bay, dapre sa k di nan kontra lwaye a.
- C. Tout enfòmasyon fanmi an bay, fòk se laverite e fòk se enfòmasyon konplè.
- D. Fanmi an (ladan n genyen chak manm fanmi an) pa dwe:
1. Posede ni gen pyès enterè nan apatman an (eksepte si se nan yon kowoperativ, oubyen pwopriyetè yon kay “manifaktire” kap lwe yon espas nan yon kay “manifaktire”).
 2. Komèt okenn vyolasyon grav kont kontra lwaye a, oubyen repete yon vyolasyon konsa.
 3. Komèt koken, bay kout-lajan anba tab, ni poze okenn lòt aksyon kowonpi ou kriminel ki ta gen rapò ak pwogram sa a.
 4. Mele nan aktivite kriminel ki gen rapò ak dwòg ni aktivite vyolan, oubyen lòt aktivite kriminel ki ta menase sante, sekirite, oubyen dwa lòt lokatè yo ak moun k ap viv nan vwazinaj la genyen pou yo jwi nan lapè tout sa rezidans sa yo ofri yo.
 5. Soulwe, lwe apatman an, ni pase lwaye a bay yon lòt moun ni transfere li sou yon lòt non.
 6. Resevwa èd Pwogram Vawchè pou Chwa Lojman an pandan l ap resevwa lòt èd-lajan pou lojman, kit se pou menm apatman an, kit se pou yon lòt apatman, nan kad yon lòt pwogram federal, Eta ou lokal, ki ofri èd pou lojman.
 7. Domaje apatman an oubyen lòt bagay ki sou pwopriyete a (eksepte domaj ki fèt nòmalmman akòz itilizasyon ak vyeyès), ni pèmèt okenn envite domaje apatman an ak sa k sou pwopriyete a.
 8. Resevwa èd Pwogram Vawchè pou Chwa Lojman an, alòske fanmi an ap viv nan yon apatman ki se pwopriyete yon papa/manman, yon pitit, yon granpapa/grann, yon sè oubyen yon frè nenpòt ki manm fanmi an, sof si PHA a detèmine ke apwobasyon lwaye apatman an, malgre lyen parante sa a, ap ofri yon aranjman rezonab pou ede yon manm fanmi an ki andikapè; PHA a ap fè pwopriyetè a ak fanmi an konnen baz desizyon sa a.
 9. Mele nan bwè alkòl depase limit, yon fason ki menase sante, sekirite oubyen dwa lòt lokatè yo ak moun k ap viv nan vwazinaj la genyen pou yo jwi nan lapè tout sa rezidans sa yo ofri.

5. Diskriminasyon Ilegal

Si fanmi an gen rezon pou l kwè ke, nan efò l ap fè pou l jwenn yon lojman konvenab, li sibi diskriminasyon ki baze sou laj, ras, koulè, relijyon, seks, andikap, orijin nasyonal, oubyen estati marital, fanmi an gen dwa pote yon plent pou diskriminasyon nan zafè lojman nan nenpòt ki biwo rejyonal

HUD; li ka fè sa an pèsonn, pa lèt oubyen pa telefòn. PHA a va bay fanmi an enfòmasyon sou jan li ka ranpli fòm pou l pote plent.

6. Ekspirasyon ak Pwolongasyon Vawchè

Vawchè a ap ekspire nan da ki enskri nan sijè No. 3 nan tèt paj 1 vawchè sa a, amwens ke fanmi an mande yon pwolongasyon pa ekri e PHA di li dakò pa ekri tou pou l pwolonje vawchè a. Nan ka sa a, vawchè a pral fini nan dat ki enskri nan sijè No. 4 la. Si PHA a deside satisfè demand fanmi an, li genyen tout otorite pou l bay yon pwolongasyon pou menm tan ki te sou premye kontra a oubyen pou pi lontan toujou.

Dokiman sa a se tradiksyon yon dokiman legal HUD pibliye. HUD mete tradiksyon sa a a la dispozisyon ou kòm yon senp mwayen konvenab pou ede w konprann dwa w ak obligasyon w. Vèsyon dokiman sa a ki nan lang angle, se sèl dokiman ki ofisyèl, legal e ki gen valè. Dokiman tradui sa a se pa yon dokiman ofisyèl.